

# Pwotokòl pou mezi ranfòsman lalwa ki pa lwa lokal ak kesyon



DOE ak Biwo majistra a pran angajman pou pwoteje dwa elèv ki nan lekòl leta, kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo, peyi yo soti oswa relijyon yo. DOE pa pèmèt ofisye ki pa ajan NYC, ladan ajan ranfòsman imigrasyon ak ladwàn Etazini (Immigration and Customs Enforcement, ICE) pou antre nan lekòl eksepte lè se lalwa ki egzije sa. Yo defini ranfòsman lwa ki pa lokal kòm nenpòt ajans ranfòsman lalwa ki pa yon ajans Vil Nouyòk. An konfòmite avèk règleman lalwa, DOE dwe onore manda lajistis, òdonans tribinal ak sitasyon pou parèt nan tribinal ki valab. Piske li difisil pou yon moun ki pa gen fòmasyon pou sa detèmine si yon dokiman konsa valab, li enpòtan anpil pou administratè lekòl montre yon kopi nenpòt manda, òdonans tribinal oswa asiyasyon pou parèt devan tribinal bay avoka anchèf la (Senior Field Counsel, SFC) avan yo pran nenpòt aksyon pou reponn ofisye ranfòsman lalwa ki pa lokal, ladan estaf ICE. Pi ba a, w ap jwenn yon rezime pwotokòl la si yon estaf konsa mande pou gen aksè nan yon bilding, elèv, oswa dosye elèv yon lekòl NYCDOE. Pou wè pwotokòl la an antye, [gade la a](#).

DOE pa bay ajan ranfòsman lalwa ki pa lokal aksè nan bilding lekòl, epi direktè lekòl ak lòt estaf lekòl pa dwe bay yo aksè san apwobasyon legal.

## Pwosis jeneral pou moun ki pa direktè lekòl:

1. Ajan sekirite lekòl la dwe mete direktè lekòl la oswa reprezantan l'okouran epi mande ofisye a pou rete tann nan biwo ajan sekirite a.
2. Pa bay okenn enfòmasyon sou yon elèv endividyèl, manm fanmi, oswa anplwaye DOE, nan okenn sikonstans. Rete kalm epi limite kominikasyon pou konekte ofisye a avèk direktè lekòl la nan biwo ajan sekirite a.

# Pwotokòl pou mezi ranfòsman lalwa ki pa lwa lokal ak kesyon (suit)

DOE pa bay ajan ranfòsman lalwa ki pa lokal aksè nan bilding lekòl, epi direktè lekòl ak lòt estaf lekòl pa dwe bay yo aksè san apwobasyon legal.

## Pwosesis jeneral pou direktè lekòl:

1. Rankontre ofisyè a nan biwo ajan sekirite lekòl la.
2. Pa bay okenn enfòmasyon sou yon elèv endividyèl, manm fanmi, oswa anplwaye DOE, nan okenn sikonstans.
3. Nan biwo ajan sekirite a mande:
  - non ak nimewo idantifikasyon badj ofisyè a
  - nimewo telefòn sipèvizè ofisyè a
  - objektif vizit la
4. Pran nenpòt dokiman ki nan men ofisyè a, tankou sitasyon pou parèt nan tribinal; manda pou fouy, oswa manda arestasyon.
5. Fè ofisyè a konnen avan ou reponn demand li a, ou dwe fè avoka anchèf la konnen epi rete tann konsèy li, epi ofisyè a dwe rete tann deyò bilding lekòl la pandan pwosesis sa a.
6. Kontakte SFC a epi ba li detay sou dokiman ou pran nan men ofisyè a Pa fè anyen jiskaske ou jwenn lòd nan men SFC a.
7. Kontakte paran oswa responsab la apre ou fin pale avèk SFC a jan nou dekri sa pi ba a.
8. Si SFC a konseye w pou pa bay ofisyè a enfòmasyon ni aksè:
  - Fè ofisyè a konnen yo fè w konnen ou pa ka fè konfòmite avèk demand lan epi mande l pou l kite zòn lekòl la;
  - Lè ofisyè a fin ale, fè paran an ak sipèntandan an konnen.
  - Si yon ofisyè pa respekte lòd yo, pa eseye fè fòs pou bare okenn mezi ranfòsman. Fè SFC a konnen, epi fè ajan sekirite a mande pòs polis NYPD oswa Divizyon sekirite lekòl pou voye èd
9. Si SFC konseye w pou konfòme w avèk demand ofisyè a, mande SFC a ki lè ou sipoze kontakte paran oswa responsab elèv la konsènan demand sa a.
10. Ranpli yon rapò OORS, amwenske demand lan se pou jwenn enfòmasyon atravè yon sitasyon pou parèt nan tribinal/lòd tribinal.
11. Pou yon sitasyon pou parèt nan tribinal oswa yon lòd tribinal pou enfòmasyon ak/oswa dosye, fè ofisyè a konnen yo voye sitasyon pou parèt nan tribinal/lòd tribinal la bay biwo DOE apwopriye a pou yo revize l.